

Kesyon moun poze souvan Frequently Asked Questions(FAQ)

Kisa yon diplòm ekivalan lekòl segondè high school equivalency (HSE) ye epi kisa mwen ka fè avèk li?

Yon diplòm HSE se yon lòt wout ou ka pran pou gradye (yo te konn rele li GED®). L ap ba ou bon opòtinite pou lavi apre gradyasyon tankou pwogram trening pou kolèj ak pou karyè. Si w deja gen yon djòb, yon diplòm HSE ap elaji opsyon w pou karyè epi ou ka fè plis kòb!

Kisa yon sant rekòmandasyon ye?

Sant rekòmandasyon se yon kote ou ka jwenn repons pou tout kesyon ki gen rapò avèk edikasyon. Nou ka ede w enskri pou pwogram HSE gratis, ak/oswa wè ki lòt altènativ ou genyen pou lekòl segondè. Nou ka bay rekòmandasyon tou pou divès sèvis sipò tankou konsèy trening pou djòb ak tretman pou abi sibstans.

Kisa Chemen pou gradyasyon Pathways to Graduation (P2G) ye?

P2G se yon pwogram gratis Distri 79 ki prepare elèv laj 18–21 ane pou yo pran egzamen TASC™ (sa yo te konn rele egzamen GED® a), jwenn yon diplòm HSE, epi avanse pou opòtinite kolèj ak karyè.

Lekòl segondè tradisyonèl yo pa travay pou mwen. Kòman P2G a diferan?

Nan P2G a, nou founi elèv plis pase enstriksyon salklas. Pwofesè P2G yo gen klas nan divès anviwònman tankou lopital, ONG, sant kominotè ak bilding lekòl segondè. Konseye nou yo ap ede w ranmase konseyan ki nesese pou reyisi nan kolèj ak nan travay. Coaches pou kolèj ak karyè ap ede w planifye pou avni w. Pwogram devlopman pou anviwònman travay nou an ofri opòtinite trening pwofesyonèl ak estaj peye.

Mwen gen plis pase 21 ane. Kòman mwen ka pran yon diplòm HSE?

Si w gen plis pase 21 ane, biwo Office of Adult and Continuing Education ka ede w pran yon diplòm HSE? W ap jwenn plis enfòmasyon nan www.oaceny.org.

6 LOKAL BYEN KONVENYAN

Enskri la a

Bronx 718.518.3320

1010 Rev James A Polite Ave, Room 436
Tren: 2 or 5 to Prospect Ave
Otobis : Bx4, Bx6, Bx17

Downtown Brooklyn 718.935.9457

69 Schermerhorn Street
Tren: 2,3,4,5 to Borough Hall; A, C, F, R to Jay Street/Metro Tech; D, B, N, Q to Dekalb Ave
Otobis : B52, B26, B41, B103, B45, B57

Brooklyn Marcy Avenue 718.636.5770

832 Marcy Ave, Room 203
Tren: A to Nostrand Ave
Otobis : B26, B43, B44, B52

Manhattan 212.244.1274

269 West 35th Street, at 8th Ave, 11th Fl
Tren: 1, 2, 3, A, B, C, D, E, F, N, Q, R to 34th St
Otobis : M10, M11, M16, M20, M34

Queens 718.739.2100

162-02 Hillside Ave
Tren: E, F to Parsons Blvd
Otobis : Q25, Q34, Q43, Q65

Staten Island 718.273.3225

450 St. Marks Place
Otobis : S42, S46, S48, S51, S61, S62, S66, S67, S74, S76, S78

Pou plis enfòmasyon

Telefòn Hotline pou Sant rekòmandasyon yo: **718.557.2525**

Imèl : ReferralCenters@schools.nyc.gov

Sit wèb : path2grad.org

T&I 22389 (Haitian Creole)



Pathways
to Graduation

Preparing for high school equivalency and beyond



Pathways
to Graduation

Preparing for high school equivalency and beyond

OU BEZWEN YON DIPLOM?

PRAN LI AVÈK NOU

Enfòmasyon sou pwogram gratis kote elèv ki gen laj ant 18–21 yon diplòm anndan anvlòp la.

NOU PRAN ANGAJMAN POU EDE W REYISI

SE PA JAN W KÒMANSE A KI ENPÒTAN...
SE JAN W FINI AN!

NEW JERSEY



**JWENN YON LOKAL
EPI ENSKRI**

Jwenn Sant rekòmandasyon ki pi pre lakay ou a. Apre ou fin wè avèk yon konseye pedagojik oswa yon konseye ki gen eksperyans epi ou fin pran yon tès evalyasyon, n ap ede w enskri nan youn nan 65 lokal ki atravè 5 borough nou yo.



**ALE NAN KOU YO
FÈ TRAVAY OU
GEN POU FÈ**

Yo fè pi fò kou yo lè maten. W ap gen pou ekri yon deklarasyon pèsònèl, yon CV, yon lèt akonpayman, ak yon pwofèsè akademik. W ap gen pou ranpli Plan Aprantisaj Endividyèl ou tou. L ap pran omwen 6 semèn, men li ka pran plis tan tou selon tès evalyasyon w lan ak kantite fwa ou prale nan kou yo. Plis w ale nan kou pi souvan, pi vit w ap kapab pran yon diplòm HSE!



PRAN EGZAMEN AN

Nan mwa janvyè 2014, Depatman Edikasyon Eta Nouyòk ranplase tès GED® a avèk tès TASC™. TASC™ pa fasil, men, pwofèsè P2G yo avèk estaf yo ap prepare ou pou pase li. Egzamen an gen 5 seksyon epi li dire 7 èdtan. Pandan w ap prepare pou pase TASC™ lan ak pou pran yon diplòm HSE, Sant resous pou kolèj ak karyè a ap ede w planifye pwochen etap yo.



SIKSÈ!

Avèk anpil travay, w ap pase TASC™ a epi w ap gradye. Gen yon diplòm HSE se yon pa enpòtan sou wout nouvo opòtinite edikasyon ak karyè ki enteresan.